




DWAYNE

Drenaj tanpèt
Yon drenaj pou tout sezon




DWAYNE

Drenaj tanpèt
YON DRENAJ POU TOUT SEZON

Aprèmidi a, pandan w ap
mache tounen lakay ou.
Reflechi sou kounye a
epi sonje powèm sa a.


Rete toupre twotwa a pou
w pa tonbe nan lari a.
Gade anba bò wout la epi
swiv pye w.






Petèt ou va wè m si
ou chèche ak anpil
atansyon, Petèt ou va
jwenn mwen toupre
yon tanp oswa yon
legliz.

Mwen pa yon bagay
ekstraòdinè epi koulè
po mwen fonce,
"Psst, mwen isit la
toupres lekòl la bò pak
la."





Men mwen la! M ap
pandye nan rigòl sa a,
M ap gade moun k ap
pase epi m pa di yon
mo.



Men, si m te ka pale, m t
ap leve tèt mwen epi
rele byen fò, "Mwen se
Dwayne, Drenaj lapli a,
vin wè mwen!"


Come
check
me out!



Mwen fèt ak fè fonn, epi
mwen sanble ak yon
griyaj. Si ou mache kèk
blòk, ou ap rankontre
yon lòt bon zanmi.

Mwen gen fòm kare
epi mwen gen ba ki
kwaze. Mwen anpeche
objè yo al nan tiyo
drenaj, swa yo gaye,
swa yo pèdi.





Goutyè se biznis mwen
nan lari sa a, mwen vide
dlo a avèk dilijans.
Souvan mwen twò fatige
lè gen gwo lapli.

Dlo lapli ap koule atravè
mwen, li desann nan tiyo
drenaj yo. Men ansanm ak
dlo a, mwen wè tout kalite
fatra.






Pa sèvi avè m pou jete fatra.
Mwen gen yon objektif byen
presi, mwen la pou m vide
dlo lapli ki ka monte nan lari
yo.


MEN ...





Nan otòn lè lekòl kòmanse,
mwen chaje ak fèy, M ap bwè
dlo lapli ki tonbe soti nan
pyebwa yo.






Timoun yo kòmanse mete
manto ki fèt ak flanèl ak
lenn. Mwen pèdi bouton ak
riban lè kouti yo sere.

Kreyon ak règ pase nan
griyaj mwen an,
ak nòt pou paran yo
pou devwa ki an reta.






Livè kòmanse epi nèj
tonbe blan tankou duve,
Li bèl okòmansman,
epi li vin tounen yon bèl
bagay pou wè!

Li melanje ak sèl
yo voye sou wout la,
pou anpeche machin
glise, pou yo pa fè
aksidan epi pou yo pa
remòke yo.


Pèl nèj yo ap netwaye
wout yo byen bèl,
Y ap pouse tè, nèj, sèl
ak gwo moso glas sou
mwèn!






Bagay sa a pase nan mwen
tout sezon ivè ak otòn,
Se yon siy prentan lè yon
boul ap tonbe.

Nan pak la, timoun yo jwe
plis nan lakou lekòl la tou,
Lè tan an pi cho epi mwen
pran sant bèl flè.






Prentan leve, epi lapli
ap tonbe plis anpil,
Kidonk, dlo ap koule an
abondans nan griyaj
mwen an!

Lè m ap wouze gazon
an, plis dlo soti nan tiyo
yo. Nan sezon prentan,
vwazen yo leve bonè
pou yo jwenn dlo nan
granmaten.






□□□7□□r=□□□!l...u-□□□□□=;...F□n□□□□'~7;□□

Lè sezon lete a rive, timoun yo kite lekòl, epi yo ale nan pak la kote gen yon gwo pisin.

Yon sèvyèt ak yon jwèt dlo ki te pèdi te pote m jodi a, yon moun te mouye, li te fret, e li pa t gen anyen pou l jwe.





0

REG PISIN

- Pa kouri
- Pa plonje nan bout pisin ki pa fon
- Pa jete fatra
- Pa bouche drenaj lapli a



0

Avèk jou yo k ap vin pi long, yo mache chen rive nèf è, gen plis kaka chen bò twotwa ki finalman pou mwen.

Kisa m vle di pandan m ap pale san rete? Kisa tout bagay sa yo vle di pou ou, mwen avèti w kounye a.

Ki kote l prale? Mwen sèten w ap mande. Eksplike sa kounye a pa yon travay fasil.








Aprè lapli ak lòt bagay fin
pase nan griyaj mwen an,
Yo vwayaje nan tiyo egou
yo yon fason klè e dwat.

Nan kèk vil, tout bagay sa
yo ale nan yon izin tretman
dlo egou; dlo a netwaye
chimikman epi li vin tounen
yon efluan.*

Men, nan pifò vil ak bouk,
sa m ap di w la se vre,
Tout dlo ak salte sa yo ap
koule nan dlo ki ble!

*efluan-dlo ize "netwaye" a oswa dènnye likid ki soti nan yon
izin tretman.





Toupre lakay ou gen dlo, swa
yon ti rivyè, yon letan oswa
yon lak, Ki resevwa tout lapli
ak lòt objè mwen pran.

Bagay tankou tè ak fèy
retounen nan tè a, Men
bagay tankou fatra pa janm
refé!

Bagay sa yo se moun ki fè yo
epi yo pa ka kraze, Fatra sa a
rete pandye pou tout tan, ap
polye dlo nan vil ou a!






Pwochen fwa ou wè m,
montre m ou gen pran
swen de mwen, Apre ou
fin li powèm sa a, ou
sètènman konnen.


Travay mwen enpòtan kit
se janvye, kit se jen, Nan
limyè solèy la oswa limyè
lalin nan.






Se istwa mwen -
Mwen se yon drenaj pou tout sezon,
Mwen kenbe lari yo pwòp e sèk, sante ak sekirite
se rezon mwen yo!

Fen an














Ki fòm Dwayne genyen? Sèvi ak objè familye tankou klips oswa fil, pou mezire wotè ak lajè Dwayne.







Kisa ou te dekouvri sou Dwayne?


Men kèk bagay ki ka fini nan yon drenaj lapli. Kilès nan yo ki an sekirite pou Dwayne ak anviwònman an?



Fè tankou ou se youn nan objè ki anba yo. Rakonte oubyen ekri yon istwa sou kijan ou te pase nan Dwayne, tiyo drenaj lapli a, epi antre nan tiyo drenaj yo.



Kisa k rive yon jwèt ki pèdi lè li tonbe nan yon drenaj
lapli? Ede bato a rive nan destinasyon li.





YON DRENAJ POU TOUT SEZON

Donna Papapietro te ekri liv sa a. Rita Berkeley te ilistre li epi desine li pou Pwogram Edikasyon Lekòl MWRA a.

Dwa otè © 1996 pa Otorite Resous Dlo Massachusetts.

Tout dwa rezève. Yo pa otorize okenn moun pou enprime, tradui oswa transmèt okenn pati nan piblikasyon sa a nan okenn fòm san pèmisyon alekri Otorite Resous Dlo Massachusetts la.

